



Jwenn Plis Enfòmasyon sou Yon Plan pou Chanjman

Yon Plan pou Chanjman (A Blueprint for Change) se yon plan ki pral amelyore batiman Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) yo epi pwoteje dwa rezidan yo:

Èske Plan pou Chanjman an pral...



<p>Envesti nouvo lajan nan NYCHA?</p>	<p>Wi!</p>	<p>Envesti \$18-25 milya nan 110,000 apatman pou adrese pwoblèm mwazisi, plon, sistèm chofaj, asansè, bèt nwizib ak dechè, ak plis toujou.</p>
<p>Kenbe lojman piblik la piblik?</p>	<p>Wi!</p>	<p>NYCHA ap rete 100% piblik. NYCHA kontinye posede teren/batiman l yo epi anplwaye NYCHA yo kontinye ap jere epi antretni pwopriyete yo. Gen yon nouvo ajans piblik ki afilye ak NYCHA - Fidisi pou Prezèvasyon Lojman Piblik nan Vil New York (NYC Public Housing Preservation Trust) - k ap sipèviz travay konstriksyon yo ak finansman pwopriyete yo.</p>
<p>Pwoteje dwa rezidan yo ak ba yo aksè pèmanan pou lojman abòdab?</p>	<p>Wi!</p>	<p>Rezidan yo ap kenbe tout dwa ak pwoteksyon yo an pèmanans, ikonpri dwa yo genyen pou òganize òganizasyon rezidan, renouvèlman otomatik lwaye, dwa siksesyon, ak tout dwa ki estipile nan 24 Kòd Règleman Federal (CFR) Pati 964 la. Limit maksimòm pou lwaye a rete a 30% nan revni fwaye a.</p>
<p>Asire finansman konstan pou lojman piblik?</p>	<p>Wi!</p>	<p>Li transfere devlopman ki soti nan finansman Seksyon 9 Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) pou pase l nan finansman Seksyon 8 ki baze sou pwojè HUD ki pi estab la, sa ki pèmèt NYCHA pou l ogmante kapital finansman pou reparasyon yo epi gen aksè a finansman enpòtan pou Bon Pwoteksyon Lokatè HUD la.</p>
<p>Kreye bonjan travay pou rezidan yo?</p>	<p>Wi!</p>	<p>Investisman nan batiman yo jenere travay ak fòmasyon pou travay pou rezidan yo atravè egzijans Seksyon 3 ki ranfòse yo.</p>
<p>Anpeche delojman pèmanan pou rezidan yo?</p>	<p>Wi!</p>	<p>Pa gen okenn rezidan ki pral deloje.</p>
<p>Renove chak batiman NYCHA?</p>	<p>Wi!</p>	<p>Lè li konbine avèk pwogram Angajman Kolektif pou Aksesibilite Pèmanan an (PACT), NYCHA pral genyen yon plan reparasyon konplè pou chak batiman.</p>
<p>Envesti nan sante rezidan yo?</p>	<p>Wi!</p>	<p>Renovasyon yo pral adrese bezwen pou kapital yo, ki gen ladan, kizin, twalèt, chodwon, asansè, sistèm ayerasyon, fasad, ak pòt dantre ki gen sekirite siperyè - reparasyon ki kreye kay ki san danje pou rezidan yo.</p>

Jwenn plis enfòmasyon, avèk tou detay sou pwochen asanble piblik vityèl sou Plan an, nan on.nyc.gov/blueprintforchange.